



Pou Piblikasyon Imedya: 15/08/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

## GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE NOUVO LOREYA OTÈ ETA A AK POWÈT ETA A

### *Colson Whitehead Te Nonmen Kòm Otè Eta a epi Alicia Ostriker Te Nonmen Kòm Powèt Eta a*

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke yo te nonmen Colson Whitehead kòm 12yèm Otè Eta New York epi yo te nonmen Alicia Ostriker kòm 11yèm Powèt Eta New York. Whitehead, womansye, jounalis, memoryalis, ak ekriven pa pou fiksyon pral resevwa Sitasyon Edith Wharton Merit Ekriven Fiksyon Eta New York lan (New York State Edith Wharton Citation of Merit for Fiction Writers); epi powèt Ostriker pral resevwa Sitasyon Walt Whitman Merit pou Powèt Eta New York (New York State Walt Whitman Citation of Merit for Poets).

“New York te pandan lontan yon episant pou èv atisktik yo ak kilti, epi prim sa selebre kèk nan ekriven ki pi talantye epi enfluyansyèl nan Eta a yo nan domèn respektif yo”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Mwen fyè pou mwen nonmen ekriven renome Colson Whitehead ak powèt aklame Alicia Ostriker pou pozisyon prestijye Otè Eta a ak Powèt Eta a, ki rekonèt pakèt travay kolektif yo ak enpak ke li te genyen sou moun New York ak lòt kote ankò.”

Seremoni inogirasyon ofisyèl lan pou Whitehead ak Ostriker a pral òganize nan Vandredi 28 Septanm 2018 a 7:30 p.m. nan Sant Kanpis ki sou Kanpis Uptown University at Albany a (UAlbany), 1400 Washington Avenue. Pakin gratis yo pral disponib nan espas Dutch Quad nan University. Aktivite a, ki pral gen ladan lekti ke de loreya yo pral fè, li gratis epi ouvri pou piblik yo.

### **COLSON WHITEHEAD, Otè Eta New York (2018-2020)**

Colson Whitehead ap ranplase Edmund White kòm Otè Eta New York, epi l ap antre nan yon gwoup otè kalifye ki te sèvi nan pozisyon an, tankou Allison Lurie, Mary Gordon, Russell Banks, Kurt Vonnegut, James Salter, Peter Matthiessen, William Gaddis, Norman Mailer, E. L. Doctorow, ak Grace Paley.

Colson Whitehead, ki se otè sis woman, selebre pou travay ki lite nan tandans ewoyik ki gen siyifikasyon idantite mitolojik, istorik ak rasyal Amerikèn. Woman ki pi resan ke Whitehead te ekri a se *The Underground Railroad* (2017), ki se yon “istwa altènatif” imajinatif anvan Gè Sivil Amerikèn nan, ak rezo kay ki sekirize ak wout sekre yo pou esklav ki chape yo. Yon #1 *New York Times* Bestseller ak yon seleksyon nan Oprah

Book Club lan, roman an te resevwa Prim Liv Nasyonal (National Book Award), Pri Pulitzer, Meday Carnegie pou Fiksyon, Prim Arthur C. Clarke, Prim Fiksyon Hurston/Wright, ak Pri Heartland.

Colson Whitehead te fèt an 1969, epi li te grandi nan Manhattan. Apre gradyasyon li nan Harvard College, li te kòmanse travay nan *The Village Voice*, kote li te ekri revyi televize yo, liv yo, ak mizik. Revi, redaksyon ak fiksyon li yo te parèt tou nan *The New York Times*, *The New Yorker*, *New York Magazine*, *Harper's* ak *Granta*.

Whitehead te konn anseye nan University of Houston, Columbia University, Brooklyn College, Hunter College, New York University, Princeton University, Wesleyan University, epi li te yon Ekriyen nan Rezidans nan Vassar College, University of Richmond, ak University of Wyoming. Li ap viv nan Vil New York.

Panèl konsiltatif ki te rekòmande White kòm Otè Eta a te gen ladan womansyè Claire Messud; womansye ak Direktè Egzekitif nan New York State Writers Institute, William Kennedy; Direktè Asistans nan New York State Writers Institute lan Mark Koplek; ak de elèv ki ap fè lisans nan University at Albany, Deyshawn Clarke-Wells ak Elise Coombs, ke yo te responsabilize pou pase yon kantite mwa an konsiltasyon ak fakilte, etidyan ak gwo kominote literè UAlbany an, epi pou reflekte volonte “elektora” sa nan depo bilten vòt yo.

Pou kapab jwenn plis enfòmasyon sou Colson Whitehead, vizite <https://www.colsonwhitehead.com/>.

### **ALICIA SUSKIN OSTRIKER, Powèt Eta New York 2018-2020**

Alicia Suskin Ostriker ap ranplase Yusef Komunyakaa kòm Powèt Eta New York, epi li antre nan yon liy long powèt distenge ki te sèvi nan pozisyon an, ki gen pami yo Marie Howe, Jean Valentine, Billy Collins, John Ashbery, Sharon Olds, Jane Cooper, Richard Howard, Audre Lorde, Robert Creeley, ak Stanely Kunitz.

Alicia Ostriker, ki se otè sèz volim pwezi, se youn pami powèt ke yo pi aklame yo, epi tou se youn nan kritik pwezi ki pi enfluyansyèl yo nan jenerasyon li a. Joyce Carol Oates te deklare ke “ekspresyon ikonoklastik li, ki se nan pwoz oswa pwezi, esansyèl pou konprann pwòp Ameriken nou yo”. Travay Ostriker a eksplòre matènite, feminite, jistis sosyal, idantite Jwif epi— nan pwòp mo powèt poet Joan Larkin— “reprézante anyen mwens ke sa nou santi lè nou ap viv”.

Pi nouvèl koleksyon li an se *Waiting for the Light* (2017), ki se venkè Prim Liv Jwif Nasyonal la (National Jewish Book Award), epi se yon refleksyon aktyèl sou lavi nan Vil New York, Amerik ak mond lan. Alicia Ostriker te fèt nan Brooklyn, New York, an 1937. Li te jwenn yon Lisans Atistik nan Brandeis University an 1959 ak yon Metriz Atistik ak PhD nan literati, an 1961 ak 1964 respektivman, nan University of Wisconsin-Madison. Disètasyon doktora li an te vin premye liv li te pibliye a, *Vision and Verse in William Blake* (University of Wisconsin Press). Pi devan, li te modife epi anote *William Blake's The Complete Poems* pou Penguin Classics.

Ostriker te resevwa prim ak bous nan men NEA, fondasyon Guggenheim ak Rockefeller yo, Sosyete Pwezi Amerik (Poetry Society of America), ak Sant Pwezi Eta San

Farnçisco (San Francisco State Poetry Center), pami lòt yo. Li se yon pwofesè emerit Anglè nan Rutgers University, yon manm fakilte nan pwogram MFA pwezi ti rezidans nan Drew University. Li te divize tan li ant Vil New York ak Princeton, New Jersey.

Panèl konsiltatif ki te rekòmande Ostriker kòm Powèt Eta a te gen ladan Powèt Eta ekstravèti Yusef Komunyakaa; ansyen Powèt Eta Marie Howe; powèt ak Pwofesè Etid Afrikèn UAlbany, Dr. Leonard A. Slade, Jr.; ansyen etidyan UAlbany ak Prezidan Harper Collins Children's Books Suzanne Murphy; Paul Grondahl, Direktè nan New York State Writers Institute; ak de elèv ki ap fè lisans nan University at Albany, Maggie Gorman ak Heather Lengyel, ke yo te responsabilize pou pase yon kantite mwa an konsiltasyon ak fakilte, etidyan ak gwo kominote literè UAlbany an, epi pou reflete volonte "elektora" sa nan depo bilten vòt yo.

Pou kapab jwenn plis enfòmasyon sou Alicia Ostriker, vizite paj Fondasyon Pwezi (Poetry Foundation) li an <https://www.poetryfoundation.org/poets/alicia-ostriker>.

### **New York State Writers Institute**

Yo te detèmine New York State Writers Institute ki nan State University of New York, ki sitiye nan University at Albany, te mandate kòm yon òganizasyon pèmanan eta a sipòte nan pwojè lwa ki te siyen pou vin lwa nan ane 1984. Writers Institute bay yon espas pou ekriyen yo, ki alafwa selèb ak atiran, toupatou nan lemonn pou reyini pou enstriksyon ak echanj kreyatif.

Nan 1985, Gouvènè Mario Cuomo ak Lejislati Eta te abilite Enstiti a pou atribye pri Sitasyon ak Merit Edith Wharton pou Ekri Fiksyon (Otè Eta) ak Sitasyon Merit pou Powèt Walt Whitman (Powèt Eta) pou otè yo ke reyalizasyon karyè yo te lakoz yo merite pigwo onè literè Eta New York. University at Albany se sèl inivèsite nan nasyon an ki gen mwayen pou seleksyone yon Otè ak Powèt Eta a.

Sou rekòmandasyon de (2) panèl konsiltatif ki te reyini anba direksyon Writers Institute, Gouvènè a bay rekonpans pou sitasyon yo chak de ane pou yon ekriyen fiksyon ak yon powèt distenksyon. Pandan manda de ane yo an loreya eta yo pwomouvwa epi ankouraje redaksyon fiksyon ak pwezi yo toupatou nan New York lè yo ap bay lekti ak konferans piblik nan eta a.

Ou kapab jwenn plis enfòmasyon sou Powèt ak Otè Eta New York ak sou New York State Writers Institute sou Entènèt nan sitwèb <http://www.albany.edu/writers-inst/>.

###

W'ap jwenn lòt nouvell ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)